



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RÈGLEMAN POU REYALIZE PWOGRAM KONJE
FAMILYAL KI PEYE NEW YORK LA KI AP MENNEN NAN NASYON AN**

***Règleman yo Bay Oryantasyon pou Anplwaye yo, Anplwayè yo, ak Konpayi
Asirans yo Konsènan Dwa ak Responsabilite yo Anba Pwogram
Konje Familyal Ki Peye ki pi Solid nan Nasyon an***

***Nouvo Paran, Manm Fanmi ki ap Pran Swen Fanmi yo ki Malad ak Anplwaye ki
gen Manm Fanmi yo ke yo Deplwaye Aletranje nan Sèvis Militè Aktif yo
Kalifye pou Benefis Konje Familyal Ki Peye yo***

Nouyòkè yo Kapab Kòmanse Pran Konje Familyal Ki Peye apati 1 Janvye 2018

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke eta a te adopte règleman ki ap reyalize pwogram Konje Familyal Ki Peye (Paid Family Leave program) monimantal pou New York lan. Règleman sa yo mansyone responsabilite anplwayè ak konpayi asirans yo nan reyalizasyon pwogram konje familyal ki peye ki pi global la nan nasyon an.

Kòmanse apati 1 Janvye 2018, pwogram Konje Familyal Ki Peye a pral bay anplwaye yo ranplasman salè ak pwoteksyon pòs travay yo pou ede yo kreye lyen ak yon timoun, pran swen yon fanmi pwòch ki gen yon kondisyon sante ki grav, oswa ede soulaje presyon fanmiya yo lè yo voye yon moun aletranje pou sèvis militè aktif yo. Anplwaye yo gen dwa pou yo rebran pòs yo lè konje peye yo a fini, ansanm ak dwa pou kontinyasyon asirans sante yo pandan konje a.

“Gen yon moman nan lavi chak moun kote lè ou la pou moun ou renmen yo ki nan nesite sa pi enpòtan ke nenpòt bagay, epi - finalman - Nouyòkè yo pa pral gen ankò pou chwazi ant pèdi travay yo ak rete yon èt imen ki desan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou adopte epi reyalize pwogram konje familyal ki peye ki pi djanm nan nasyon an, administrasyon sa ap franchi yon lòt pa annavan pou bay jistis ekonomik pou tout Nouyòkè.”

Anplwayè prive yo dwe garanti kouvè asirans Konje Familyal ki Peye oswa pwòp asirans nan moman pou bay kouvèti apati 1 Janvye 2018. Prim Konje Familyal ki Peye yo pral finanse pa anplwaye yo atravè dediksyon rejis peman yo.

Règleman yo abòde elijibilite, kouvèti, pwogramasyon pou Konje Familyal ki Peye yo, ak plis enfòmasyon sou kijan anplwaye, anplwayè ak konpayi asirans yo pral fè entèraksyon youn ak lòt pou yo peye benefis yo. Règleman Komite Konpansasyon Travayè yo (Workers' Compensation Board) ki ap reyalize Konje Familyal ki Peye yo disponib [isit la](#). Depatman Sèvis Finansye yo (Department of Financial Services, DFS) ki ap mete sou pye règleman pou konpayi asirans yo, ki te adopte nan dat 31 Me 2017 lan, yo disponib [isit la](#).

Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul te deklare, “Lè nou etabli pwogram konje familyal ki peye ki pi global nan nasyon an, Eta New York kanpe ak fanmi klas mwayèn epi ki ap travay yo ki pa ta dwe gen pou fè chwa ant touche yon chèk peman ak pran swen pou yon timoun ki malad oswa ede yon paran. Anplwayè yo menm jan ak anplwaye yo pral benefisye grandman epi yo ta dwe pran avantaj de yon politik ki yon lòt fwa ankò ap etabli New York kòm yon modèl pou lòt yo swiv.”

Prezidan Komite Konpansasyon Travayè la, Kenneth J. Munnely, te di, “Règleman sa yo pral ede reyisi reyalize pwogram istorik sa epi bay anplwayè ak anplwaye yo anpil tan pou prepare pou arivaj li. Ak pwogram Konje Familyal Ki Peye djanm li an, Eta New York ap fòje yon wout annavan epi amelyore lavi fanmi ki ap travay di New York yo.”

Direktè Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di, “DFS fyè pou li ede reyalize vizyon Gouvènè Cuomo a pou bay Nouyòkè ki ap travay yo pwogram konje familyal ki peye ki pi global nan peyi Etazini. New York kontinye rete yon pyonye nan bay fanmi ki ap travay di yo sekirite finansyè ak travay ke yo merite.”

Dina Bakst, Koprezidan ak Kofondatè, A Better Balance lan, te di, “Jodi a, New York ap franchi yon pa annavan enpòtan pou lwa konje familyal ki peye monimantal li an. Pwogram revolisyonè sa, ki pral kòmanse pwoteje travayè yo an Janvye, pral asire ke Nouyòkè ki ap travay yo pa pral gen ankò pou fè chwa ki enposib ant rete ak fanmi yo lè yo bezwen yo plis ak sekirite ekonomik yo. Angajman istorik New York anvé travayè yo ap bay yon egzanp pwisan pou moun ki ap fè politik yo atravè peyi a.”

Donna Dolan, ki se Direktris Egzekitif Kowalisyon Konje Peye New York lan (New York Paid Leave Coalition), te deklare, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo, Komite Konpansasyon Travayè yo ak Depatman Sèvis Finansye yo poutèt adopsyon règleman final yo pou nouvell Lwa Konje Familyal ki Peye a. Ak angajman Gouvènè an anvé yon deplwaman anbisyè, enpresyonan lwa monimantal sa, yo ap edike Nouyòkè yo sou aspè revolisyonè li yo ki pral pèmèt yo resevwa peman pasyèl lè y’ap pran swen yon ti bebe ki fèk fèt, pran swen yon manm fanmi ki malad gravman, oswa dechaje presyon familyal yo lè yo rele yon moun pou al fè sèvis militè aktif yo. Lajwa ap ogmante pou avantaj sa ki ap chanje lavi ki ap kòmanse apati 1 Janvye 2018.”

Karen Scharff, Direktè Egzekitif Aksyon Sitwayen nan New York (Citizen Action of New York), te deklare: “Tout travayè yo merite tan pou pran swen moun yo renmen yo, epi pèsòn pa ta dwe gen pou chwazi ant swen sa ak yon chèk peman. Pwogram Konje Familyal Ki Peye New York lan pral pwoteje fanmi yo, kominote nou yo ak ekonomi nou an, epi kòmanse abòde plizyè ane inegalite ki ap ogmante.”

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, vizite sit entènèt Konje Familyal Ki Peye a nan www.ny.gov/paidfamilyleave. Popilasyon an kapab rele tou liy asistans Konje Familyal Ki Peye a nan (844) 337-6303 si yo gen nenpòt kesyon.

Bazik pou Konje Familyal Ki Peye yo

Konje Familyal Ki Peye yo bay kouvèti pou:

- Paran yo ki nan 12 premye mwa apre akouchman, adopsyon, oswa elvaj yon timoun;
- Anplwaye ki ap pran swen yon mari/madanm, patnè domestik, timoun, paran devan lalwa, granparan, oswa pitit pitit yo ki gen yon kondisyon sante grav; ak
- Anplwaye ki ap asiste sila yo ke yo renmen lè y'ap deplwaye aletranje yon mari/madanm, patnè domestik, timoun, paran nan sèvis militè aktif yo.

Kalifikasyon Anplwaye:

- Anplwaye ki gen yon orè travay regilye 20 èdtan oswa pi plis pa semèn yo kalifye apre 26 semèn travay.
- Anplwaye ki gen orè travay regilye mwens ke 20 èdtan pa semèn yo kalifye apre 175 jou travay.

Kouvèti Asirans: Kouvèti Konje Familyal Ki Peye yo pral tipikman enkli kòm yon atik kondisyonèl nan politik asirans andikape aktyèl yon anplwaye, epi li pral finanse totalman pa anplwaye yo atravè dediksyon nan rejis peman yo. An 2018, kontribisyon anplwaye maksimòm lan se 0.126% nan salè pa semèn yon anplwaye jiska 0.126% nan Salè Pa Semèn Mwayèn Eta New York lan chak ane. Pwogram lan obligatwa pou prèske tout anplwayè prive yo. Anplwayè piblik yo ka chwazi antre nan pwogram lan.

Pwogramasyon pou l Konplètman an Vigè: Konje Familyal Ki Peye yo pral an vigè konplètman sou kat ane, kòmanse apati 1 Janvyè 2018. An 2018, anplwaye yo kapab pran jiska ywit semèn konje ki peye a 50% salè pa semèn mwayèn pou yon anplwaye jiska 50% Salè Pa Semèn Mwayèn Eta New York lan. Sa ap ogmante jiska 12 semèn konje ki peye an 2021 ke yo peye a 67% salè pa semèn mwayèn pou yon anplwaye jiska 67% Salè Pa Semèn Mwayèn Eta New York lan.

###